

# Rekòmandasyon NYC yo pou Tès pou COVID-19

## Fè tès! Tout moun New York ta dwe fè tès pou COVID-19.

Pou anpeche pwopagasyon COVID-19, moun New York yo ta dwe fè tès detanzantan, ke yo genyen sentòm ke yo pa genyen. Dokiman sa a sèvi kòm yon gid sou fason pou moun New York yo ta dwe fè tès. Pou plis enfòmasyon sou tès yo, pale ak pwofesyonèl swen sante ou.

Travayè swen sante yo, lòt travayè esansyèl yo, ak lòt travayè ki genyen kontak an pèsòn avèk moun nan kad travay yo a ta dwe fè tès yon fwa pa mwa (konsilte paj 2).

Pou jwenn yon kote ki fè tès toupren ou, vizite [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest) oswa voye mesaj tèks "COVID TEST" bay 855-48. Gen anpil kote gratis, sa gen ladan kote NYC Health + Hospitals ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC administre yo.

## Lè ou dwe fè tès

### Imedyatman:

- Si ou genyen sentòm COVID-19 yo, tankou lafyèv oswa frison, tous, souf kout oswa difikilte pou respire, fatig, doulè nan misk oswa nan kò, maltèt, vin pa ka pran gou oswa sant, gòj fè mal, konjesyon oswa nen k ap koule, kè plen oswa vomisman, ak dyare.
- Si ou te genyen kontak pwòch avèk yon moun ki genyen COVID-19.
  - Si ou se yon kontak pwòch yon moun ki gen COVID-19 (ou te a yon distans ki mwens pase 6 pye pandan omwen 10 minit sou yon peryòd 24 èdtan), ou dwe mete tèt ou an karantèn pandan 10 jou apre dènye kontak la, kèlkeswa sa rezilta tès ou a ye, epi siveye tèt ou pou nenpòt sentòm pandan tan sa a ak pandan kat jou apre sa.
- Lè ou retounen NYC apre yon vwayaj nan yon lòt eta oswa peyi.
  - Ou dwe mete tèt ou an karantèn pou 10 jou (oubyen mwens si w ranpli kondisyon tès ak karantèn eta New York la mete sou moun ki vwayaje yo).
  - Pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon karantèn eta New York la mete sou moun ki vwayaje yo, gade [nyc.gov/health/covidtravel](https://nyc.gov/health/covidtravel).
- Lè ou fin ale nan yon gwo reyinyon andedan.

### Avan ou ale:

- Si w ap planifye pou w al wè yon moun ki gen dwa gen [plis risk pou li fè COVID-19 grav](#).
  - Si ou gen yon tès pozitif oswa ou genyen sentòm COVID-19 yo oswa ou te gen kontak pwòch dènye man avèk yon moun ki genyen COVID-19, anile plan ou yo.

### Detanzantan:

- Si ou travay deyò lakay ou oswa si ou travay oswa ap viv nan yon anviwònman ki gen anpil moun (konsilte tablo yo)

## Fè tè s yon fwa pa mwa oswa jan pwofesyonèl swen sante ou oswa anplwayè ou rekòmande sa.

Travayè swen sante ak premye sekouris yo	Travayè esansyèl ki gen kontak dirèk souvan avèk piblik la	Moun ki ap viv oswa travay an gwoup nan anviwònman rezidansyèl yo	Tout lòt travayè Vil New York
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Travayè swen sante yo ak pèsònèl sipò yo</li> <li>• Dantis ak pèsònèl sipò yo</li> <li>• Nitrisyonis ak dyetetisyen yo</li> <li>• Espesyalis terapi aktivite toulejou ak espesyalis terapi fizik yo</li> <li>• Espesyalis terapi pou langaj yo</li> <li>• Optometris yo</li> <li>• Anbilansye yo ak Tekniksyen Ijans Medikal (EMTs) yo</li> <li>• Sikològ yo ak sikyat yo</li> <li>• Ofisyè lapolis yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pèsònèl veterinè yo</li> <li>• Pèsònèl swen timoun yo</li> <li>• Pèsònèl livrezon yo</li> <li>• Travayè sèvis manje yo</li> <li>• Travayè antrepriz finèrè yo</li> <li>• Travayè sekirite yo</li> <li>• Travayè sosyal yo</li> <li>• Pwofesè yo, edikatè yo ak pèsònèl sipò ki nan lekòl yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Etablisman swen alontèm yo (Eta New York egzije pèsònèl mezon retrèt ak etablisman swen granmoun yo pou yo fè tè s chak semèn)</li> <li>• Lòt anviwònman gwoup rezidansyèl yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Si ou ap travay deyò lakay ou epi ou ap wè an pèsòn avèk lòt moun yo (kòlèg travay yo, kliyantèl, kliyan oswa vizitè nan espas travay la)</li> </ul>

## Eksepsyon pou tè s: Si ou te genyen COVID-19 (rezilta tè s dyagnostik pozitif) nan 90 jou pase yo

- An jeneral, ou pa ta dwe fè tè s pou COVID-19 pandan 90 jou apre sentòm ou yo te kòmanse oswa, si ou pa te genyen sentòm, apati dat ou te fè tè s la. Sa konsa paske yon moun ki te geri anba COVID-19 la gen dwa genyen yon rezilta tè s pozitif menm si li pa kontajye ankò.
- Si ou te geri anba COVID-19 epi ou genyen nouvo sentòm COVID-19, konsilte yon pwofesyonèl swen sante, espesyalman si ou te genyen kontak pwòch avèk yon moun ki genyen aktyèlman COVID-19.

Konsilte "[COVID-19 Testing: Frequently Asked Questions](#)" (Tès pou COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan yo) pou plis enfòmasyon sou diferan kalite tè s pou COVID-19 yo ak siyifikasyon rezilta yo. Si w bezwen èd pou ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante, rele nan 844-692-4692 oswa **311**.

## Sonje kat mezi pi enpòtan yo pou anpeche transmisyon COVID-19:



**Rete lakay ou si ou malad:** Rete lakay ou si ou pa santi ou byen, ou gen yon tè s COVID-19 ki pozitif, ou te an kontak pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19 oswa ou te vwayaje dènyèman.



**Distans fizik:** Rete a yon distans omwen 6 pye de lòt moun.



**Mete kachnen:** Pwoteje tèt ou ak moun ki antoure ou yo. Ou kapab kontajye san ou pa gen sentòm epi simaye maladi an lè w ap touse, estène, pale, chante oswa respire. Kachnen yo redui pwopagasyon COVID-19.



**Pratike ijyèn men pwòp:** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl si savon ak dlo pa disponib; netwaye sifas moun manyen souvan yo regilyèman; evite manyen figi ou avèk men ou san lave; epi kouvri bouch ou ak bra ou lè ou ap touse oswa estène, pa itilize men ou.